



Pou Piblikasyon Imedya: 02/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE INISYATIV TRAVAY AK KLIMA MAJÈ AN
PATENARYA AK THE WORKER INSTITUTE AT CORNELL UNIVERSITY ILR'S
SCHOOL AK INISYATIV CLIMATE JOBS NY POU EDE KREYE 40,000 PÒS
TRAVAY ENÈJI PWÒP APATI 2020**

*Inisyativ lan Pral Akselere Kwasans Enèji Renouvlab Ak Jiska 1.5 Milya Dola
Envestisman nan Pwojè Enèji Renouvlab yo*

*Pi Gwo Apwovizyonman Enèji Pwòp pa yon Eta nan Peyi Etazini Istwa a Ranfòse
Pozisyon New York antan ke Lidè Nasyonal sou Chanjman Klimatik yo*

*Etabli yon Gwoup Travay Tranzisyon Jis & Jistis Anviwònmantal (Environmental
Justice & Just Transition Working Group) pou Ede Kominote Ki Mal Desèvi yo
Istorikman Prepare pou yon Avni Enèji Pwòp epi Adapte pou Chanjman
Klimatik yo*

Kapasite Solè Eta New York Planifye pou Double Apati Fen 2018

*Anons Lan Rive Apre [Dekrè Egzekitif](#) Gouvènè a Ki Ap Angaje New York pou
Respekte Estanda Ki Etabli nan Akò Paris an*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a inisyativ Karyè Klima Pwòp lan (Clean Climate Careers) apre desizyon Etazini pou soti nan Akò Paris an. Inisyativ lan se yon estrateji an divès branch pou ogmante ekonomi enèji pwòp New York ki ap emèje an, epi prepare mendèv lan pou karyè alontèm yo ki asosye ak endistri sa. An patenarya ak The Worker Institute at Cornell University ki nan ILR School ak Climate Jobs NY, inisyativ sa konsantre sou akselere efikasite enèjetik ak kwasans enèji renouvlab pou fè New York vin yon leman pou nouvel teknoloji enèji yo, epi kreye 40,000 nouvo bon jan travay nan enèji pwòp ki byen peye apati 2020.

Ayè, Gouvènè Cuomo [te siyen yon dekrè egzekitif](#) pou angaje New York pou respekte etanda yo ki etabli nan Akò Paris a, epi [li te anonse yon Alyans sou Klima Etazini](#) (U.S Climate Alliance), ansanm avèk Gouvènè California a Edmund G. Brown Jr., ak Gouvènè Eta Washington lan Jay R. Inslee, pou konvoke eta Etazini yo ki pran angajman pou respekte Akò Klimatik Paris an epi pran mezi sevè kont chanjman klimatik yo.

Kòm yon pati nan premye faz inisyativ Karyè Klima Pwòp lan, Eta New York pral fè yon investisman san presedan jiska 1.5 milya dola nan pwojè enèji renouvlab majè yo, ki enkli enèji ewolyèn ak solè, epi elaji yon fason konsiderab enstalasyon solè ak efikasite enèjetik yo nan batiman piblik yo. Investisman an pral abouti a yon 2.5 milyon megawat elektrisite pa èdtan adisyonèl nan yon ane, sa ki reprezante pi gwo apwovizyonman enèji pwòp ki te fèt pa yon eta nan istwa Amerikèn lan.

Inisyativ Karyè Klima Pwòp lan se yon estrateji enteresan an twa branch ki konekte investisman nan teknoloji enèji pwòp yo ak bon jan kalite travay ki byen peye nan endistri an yo:

1. **Investi nan Devlopman Teknoloji Pwòp ak Enèji Renouvlab Sipèchaj yo:** Nan fè investisman rekò nan enèji renouvlab pou atenn objektif Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) anbisyè Gouvènè Cuomo a pou rive genyen 50 pousan elektrisite ki soti nan enèji renouvlab yo apati 2030 – epi kòm yon rezilta, New York pare pou double kapasite solè Eta soti prèske 800 megawat jodi a pou rive a plis ke 1600 megawat apati fen 2018.
2. **Kreye Karyè Klima Pwòp yo:** Nan fè investisman istorik jiska 1.5 milya dola nan pwojè enèji renouvlab majè yo sa pral kreye plizyè milye pòs travay ki byen peye pou Nouyòkè klas mwayèn yo ki atravè Eta a, pandan ke l’ap bay finansman pou fòme mendèv nou an pou karyè pou tout lavi yo nan konstwi sektè enèji renouvlab, efikas, ak lòt sektè ki pa itilize anpil kabòn yo.
3. **Fè Vanse Jistis Anviwòmantal:** Etabli yon Gwoup Travay Tranzisyon Jis & Jistis Anviwòmantal pou devlope pwogram ak politik priorite yo pou ede kominote istorik ki mal desèvi yo – ak sila yo ki ap fè pwogrè nan retrèt santral enèji ki itilize kabòn yon fason entans yo – prepare pou yon fiti ki pi pwòp, pi vèt.

“Pliske gouvènman federal la renonse a responsabilite li pou abòde chanjman klimatik yo -- nan dezavantaj ekonomi ak anviwòmman nou -- New York ap mennen nasyon an nan fè vanse yon avni enèji pwòp,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Inisyativ Karyè Klima Pwòp lan se yon investisman revolisyonè, ki ap reprezante pi gwo apwovizyonman enèji pwòp eta a nan istwa Amerikèn. Ak inisyativ 1.8 milya dola sa, New York ap kontinye konbat defi chanjman klimatik yo epi kreye bon jan kalite karyè ki byen peye pou avni.”

Detay premye faz nan Inisyativ Karyè Klima Pwòp lan gen ladan:

Solisitasyon Ki Ap Bat Rekò yo Ap Investi jiska 1.5 Milya Dola nan Enèji Pwòp

Jodi a, Eta a pral fè soti apèl dòf pou devlopè ki kalifye yo pou kapab konstwi pwojè enèji renouvlab yo ki pral jenere 2.5 milyon megawat elektrisite pa èdtan nan yon ane – ki ase pou bay kouran a anviwon 350,000 kay. Konbine ansanm, RFP yo se premye nan yon seri apwovizyonman majè, epi yo prevwa ke l’ap abouti a devlopman 40 a 60 pwojè enèji renouvlab a gran eskal yo apati 2022 sou Estanda Enèji Pwòp yo.

Solisitasyon konplèmantè ki te fèt pa Otorite Devlopman ak Rechèch Enèji nan Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority) ansanm ak Otorite

Kouran New York (New York Power Authority) pral investi jiska 1.5 milya dola nan gam enèji ewolyèn, solè komèsyal ak solè yo, enèji idwolik a ti ak a gran eskal yo, selil kabiran ak lòt teknoloji yo.

[Solisitasyon NYSERDA a](#) pral bay 1.5 milyon MWh (megawat elektrisite pa èdtan) ki soti nan sous enèji renouvlab yo epi solisitasyon NYPA a pral bay 1 milyon MWh adisyonèl. Investisman sa nan materyèl enèji pwòp a gran eskal adisyonèl yo pral elaji wòl lidèchip NYPA antan ke pi gwo founisè elektrisite renouvlab Eta a. Alafwa solisitasyon NYSERDA ak NYPA yo pral mennen a kreyasyon plizyè milye pòs travay dirèk ak endirèk soti depi nan devlopman, konstwiksyon ak operasyon nan pwojè enèji pwòp yo rive 2022.

Eta a angaje nan etidye fezabilite modèl efikasite ekonomik ki kapab reyalize atravè itilizasyon yon Akò Travay Pwojè (Project Labor Agreement) pou konstwiksyon pwojè Travay Piblik yo ki asosye ak inisyativ sa. Itilize yon PLA pou Travay Piblik sa yo kapab pote yon laj patisipasyon pou pwogram apranti ki anrejiste nan NYS yo, epi li kapab mennen a nouvel opòtinite pou apranti pou yon pakèt Nouyòkè ki ap travay nan konstwiksyon.

Investisman 300 Milyon Dola nan Efikasite Enèjetik ak Enèji Solè pou Elaji Pwogram BuildSmartNY ak K-Solar yo

Nan akselere ak inisyativ BuildSmartNY ak K-Solar Gouvènè an yo, NYPA pral double investisman anyèl yo nan efikasite enèjetik ak deplwaman solè yo soti 150 milyon dola pou rive 300 milyon dola pou kapab jwenn plis enèji pwòp, renouvlab nan etablisman gouvènman lokal, piblik, ak lekòl yo. 300 milyon dola sa se yon melanj finansman NYPA ki pa chè ak kapital sektè prive adisyonèl.

NYPA te etabli yon nouvo patenarya ak yon konsansyòm bank ki pral pou premye fwa depi toutan atravè NYPA, pèmèt minisipalite yo aksede a kapital ki pa chè nan men bank komèsyal yo pou kapab finanse pwojè efikasite enèjetik ak enèji solè yo. Anpil gouvènman lokal ki enterese nan pwojè efikasite enèjetik yo epi ki ka pa't kalifye pou finansman anvan sa yo pral benefisye de yon pwosesis ki pi byen òganize epi kapab jwenn plis to enterè prè ki pi konpetitif.

Ak investisman sa ki elaji an, NYPA pral fè 1,000 odit efikasite enèjetik ak enèji solè pou minisipalite ak distrik eskolè yo apati 2020 pou kapab ede yo sipòte investisman ki pridan. Inisyativ lan pral disponib pou tout gouvènman ak minisipalite lokal yo, ki pral gen opòtinite pou anrejistre epi enskripsyon yo pral ouvri anvan fen ane 2017.

NYPA pral enstale tou plis pase 125 megawat kapasite solè nan lekòl ak lòt batiman piblik yo apati 2020, sa ki ap reyalize yon ogmantasyon 300 pousan nan pwojè solè ki distribye yo nan etablisman piblik yo atravè tout eta a. Atravè K-Solar ak BuildSmartNY, NYPA ap fè patenarya ak konpayi efikasite enèjetik ak enèji solè yo pou bay solisyon 'kle pou ouvri' bay kliyan gouvènman lokal yo, sa ki vle di ke gouvènman lokal yo kapab fasilman resevwa sèvis konsepsyon, jesyon konstwiksyon, komisyon ak finansman pou pwojè yo yon sèl kou.

Inisyativ efikasite enèjetik akselere sa yo pral kreye plis pase 2,000 nouvo pòs travay dirèk ak endirèk.

15 Milyon Dola nan Pwogram Fòmasyon & Devlopman Mendèv yo

Nou te angaje 15 milyon dola pou edikatè ak fòmasyon yo ki fè patenarya ak linyon ak endistri enèji pwòp lan pou ofri opòtinite fòmasyon ak aprantisaj yo, epi pou prepare yon nouvell jenerasyon mendèv nou pou travay nan ekonomi enèji pwòp ki ap ogmante an. Yo pral distribiye finansman an bay patenarya ak pwogram fòmasyon, aprantisaj ki ale lwen epi ki pi inovatif yo ki enkli sila yo ki gen linyon ak komès ki aplikab yo. Nou prevwa ke sibvansyon yo pral kouvri tout anplè fòmasyon mendèv lan soti depi nan edikasyon pou rive nan aprantisaj pou rive nan deplwaman nan endistri an ak komès.

Gwoup Travay Tranzisyon Jis & Jistis Anviwònmanal pou Ede Kominote yo Pwospere nan Tranzisyon Ekonomi Enèji Pwòp lan

Gouvènè a te anonse yon nouvo Gwoup Travay Tranzisyon Jis & Jistis Anviwònmanal, ki pral konsantre, an pati, sou devlope politik ak pwogram yo pou asire yon “tranzisyon ki jis” nan yon fiti enèji pwòp ak vèt.

Gwoup Travay lan pral avize administrasyon an sou entegrasyon prensip tranzisyon jis ak jistis anviwònmanal nan tout politik ajans yo, epi pou fòme pwogram jistis anviwònmanal yo ki te idantifye nan diskou Eta Leta a, epi enfòme ki pwodwi travay pral asiste nan efò sa. Premye sesyon Gwoup Travay la pral konvoke an Jen.

“Anplè nouvo angajman Eta a pou resous renouvlab yo gen plizyè nivo magnitud pi gwo ke nenpòt bagay ke nou te wè anvan sa nan eta nou an,” **se sa Richard L. Kauffman, ki se Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou New York, te deklare.**

“Sou Gouvènè Cuomo, New York ap swiv atravè angajman li pou konbat chanjman klimatik yo epi favorize tranzisyon an nan yon ekonomi enèji pwòp ki ap kreye travay ki byen peye. Sou REV, nou ap konstwi yon sistèm enèji abòdab, ki pi pwòp epi pi rezistan pou tout Nouyòkè yo.”

“Jodi a se yon jou enpòtan nan fè vanse objektif enèji New York yo ak investisman san presedan sa nan enèji renouvlab, ki ap souliye apwòch global eta a nan konbat chanjman klimatik yo”, **se sa John B. Rhodes, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA, te deklare.** “Gouvènè Cuomo ap kontinye poze aksyon agresif pou kapab redwi emisyon ki danjere, depans enèji ki pi piti, kreye travay epi asire kominote ki pi pwòp atravè eta a.”

“Kounye a se moman pou enèji renouvlab”, **se sa Gil C. Quiniones, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYPA, te deklare.** “Atravè investisman revolisyonè sa nan pwojè enèji pwòp ak vèt yo, nou ap vanse agresivman pi pre Estanda Enèji Pwòp Gouvènè Cuomo an epi pouse devan kòm yon lidè nasyonal. Atravè pi gwo apèl depi toutan pou pwojè renouvlab a gran eskal yo, ogmante investisman nou nan efikasite enèjetik, epi elaji itilizasyon teknoloji renouvlab yo, ki enkli enèji solè, nan lekòl ak batiman piblik yo, nou ap dirije chanjman transfòmatif atravè endistri an. Nou ap asire tou ke melanj enèji Eta New York lan fyab epi abòdab kounye a ak nan fiti.”

Gary LaBarbera, ki se Prezidan, Konsèy Komès Konstwisyon Batiman nan Greater New York (Greater New York Building Construction Trades Council), te deklare, “Nan non 100,000 manm komès batiman linyon yo, mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt lidèchip li nan abòde chanjman klimatik yo pandan ke l’ap sipòte tou fanm ak gason New York ki ap travay yo. Anons sa demontre angajman Gouvènè an anvè bon jan travay nan yon sektè ekonomi ki ap devlope.”

Mario Cilento, ki se Prezidan AFL-CIO Eta New York la te di: “Nou akeyi patenarya sa ak Gouvènè Cuomo pou ranfòse ekonomi an, pandan ke n’ap abòde chanjman klimatik yo. Nan elaji angajman eta a nan pwojè enèji renouvlab yo sa se non sèlman yon opòtinite pou fè New York vin yon lidè nan endistri enèji pwòp lan, men tou se yon investisman nan travay klas mwayèn alontèm dirab nan eta nou an. Bon jan travay ki gen avantaj yo ap pèmèt fanm ak gason ki ap travay yo bay fanmi yo sa yo bezwen pandan ke y’ap sipòte biznis lokal yo ki nan kominote yo.”

“Inisyativ sa pral ede kreye bon jan travay pandan ke l’ap pwoteje epi amelyore anviwònman nou an”, **se sa Vincent Alvarez, ki se Prezidan Konsèy Travay Santral Vil New York (New York City Central Labor Council), AFL-CIO, te deklare.** “Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt li ede fè patenarya revolisyonè sa vin yon reyalyte.”

“Mwen te travay pou dirabilite klimatik lan pandan plizyè ane, epi mwen kwè ke moun ki ap travay yo dwe se sant solisyon klimatik yo”, **se sa Michael Fishman, ki se ansyen Sekretè Trezorye nan Service Employees International Union, te deklare.** “Nouvo patenarya nou an ak Gouvènè Cuomo reprezante yon gwo pa annavan, epi ansanm nou ka konbat chanjman klimatik yo epi ranvèse inegalite ekonomik lan.”

Lara Skinner, ki se Direktris Asosye The Worker Institute at Cornell University nan ILR School, te deklare, “Lansman kanpay Climate Jobs New York jodi a ak Anons Gouvènè Andrew Cuomo an pou ogmante dramatikman efò eta a pou konbat chanjman klimatik yo reprezante yon pwogrès istorik. Kanpay lan pozisyon moun ki ap travay yo ak linyon yo kòm yon motè pou konbat kriz klimatik lan, epi anons Gouvènè a elve angajman eta New York pou mennen nasyon an nan fè tranzisyon nan yon ekonomi enèji pwòp ki ekkitab. Mwen kontan dèske konvansyon linyon batiman, enèji ak transpò nou an atravè inisyativ Travay K’ap Mennen nan Klima (Labor Leading on Climate) pandan twa ane ki sot pase yo te ede sisite efò sa yo.”

Christopher Erikson, ki se Direktè Biznis, IBEW Local 3, te deklare, “Nou bezwen yon tranzisyon enèji nan enèji pwòp epi nou bezwen fè li pou ke nou kapab pwoteje bon travay linyon yo pou sila yo ki ap konstwi, opere epi mentni santral elektrik yo nan peyi sa. Mwen felisite lidèchip Gouvènè a ak premye pa pou kapab atenn nesesitye klima ak travayè yo ansanm, IBEW Local 3 ap dedike resous ki nesesitye yo pou fòme pwochèn jenerasyon travayè elektrik ki kalifye yo pou yon avni enèji pwòp.”

John Samuelsen, ki se Prezidan Entènasyonal, Linyon Travayè Transpò an Amerik (Transport Workers Union of America), te deklare, “Anons jodi a reprezante New York ki ap sezi opòtinite ak responsabilite pou abòde kriz chanjman klimatik ki ap ogmante a nan yon fason ki ap kreye bon jan travay epi kòmanse ranvèse inegalite an. Nan non 140,000 manm nou yo, nou felisite Gouvènè Cuomo pliske li montre nasyon

an jan pou dirije batay kont klima ak travay yo.”

James Slevin, ki se Prezidan, Linyon Travayè Sèvis Piblik an Amerik Lokal 1-2 (Utility Workers Union of America Local 1-2), te deklare, “Antan ke yon lidè linyon ki reprezante plizyè milye travayè ki anplwaye aktyèlman nan sistèm enèji New York ak sila yo ke lavi yo depann de travay sa yo, mwen enkyè anpil pou pwoteksyon travay yo epi pou abòde chanjman klimatik yo ki afekte manm mwen yo, fanmi yo ak kominote yo. Inisyativ sa reprezante pi bon espwa pou pwoteksyon manm mwen yo, sa ki ap asire ke nouvo pòs travay nan enèji yo se bon jan travay linyon, epi abòde chanjman klimatik yo.”

John J. Murphy, ki se Reprezantan Entènasyonal pou Eta New York, Asosiyasyon Ini pou Plonbye & Bòs Tiyo yo (United Association Plumbers & Pipefitters), te deklare, “Pandan ke New York ap transfòme ekonomi enèji nou an pou abòde reyalyte chanjman klimatik yo, nou bezwen asire ke investisman yo sipòte travayè ak kominote yo. Anons jodi a demontre ke nou ka fè gwo bagay ansanm pou kapab eksplwate tranzisyon an pou avantaj tout Nouyòkè. Pwogram fòmasyon United Association yo sou devan sèn teknoloji vèt yo, epi manm nou yo rete pare pou fè patenarya ak NYS pandan ke y’ap kreye bon jan travay dirab.”

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418